**Oqıw-metodikalıq jumıslar**

Kafedrada "Pediatriya" páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 3-4-5-kurs "Pediatriya" fakulteti hám 3-4-kurs "Emlew isi" fakulteti, 3-kurs "Medicinalıq-profilaktika isi," hám 3-kurs "Medicinalıq biologiya."

"Balalar kesellikleri propedevtikası" páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 2-3-kurslar "Pediatriya isi," "Emlew  isi."

"Pediatriya. Med Genetika" páni tómendegi baǵdarlarda oqıtıladı: 3-4-kurs "Stomatologiya isi,"

"Pediatriya. Balalar keselliklerinde xalıq medicinası" páni tómendegi baǵdarda oqıtıladı: 3-kurs "Xalıq medicinası."

"Pediatriyada miyirbiykeshilik isi" páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 3-kurs "Joqarı miyirbiykeshilik isi"

"T.F.Bala kútimi" páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 2-kurs "Joqarı miyirbiykelik isi" 2-kurs "Pediatriya."

"Medicina kásibine kiriw" páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 1-kurs "Pediatriya" 1-kurs "Emlew isi"

" Ambulator-poliklinikalıq pediatriya " páni tómendegi baǵdarlar boyınsha oqıtıladı: 6-kurs "Pediatriya" 6-kurs "Emlew isi"

Kafedrada 1 1-kurs magistratura rezidenti hám 3 1-kurs klinikalıq ordinatorları bilim almaqta.




Studentlerdiń bilimlendiriw sapasın arttırıw maqsetinde oqıw procesi Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan baǵdarlama tiykarında alıp barıladı. "Pediatriya" "Balalar kesellikleri propedevtika" "Ambulator poliklinikalıq pediatriya" "Pediatriyada miyirbiykeshilik isi" pánleri boyınsha bayanatlar (qaraqalpaq, ózbek hám rus tillerinde) hám hár bir bayanat ushın test toplamları tayarlandı.

Oqıw kursı boyınsha tómendegi tastıyıqlanǵan hújjetler

tiykarında ámelge asırıladı:

- Mámleketlik standart;

- Oqiw rejesi;

- Bilimlendiriw isshi-oqıw baǵdarlaması;

Oqıw dawamında tómendegiler bar:

Kafedra Respublikalıq balalar kóp tarmaqlı medicina orayı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Balalar regionallıq medicinalıq reabilitaciya orayında jaylasqan bolıp, onda teoriyalıq hám ámeliy sabaqlar hám oqıw hújjetleri menen islesiw ámelge asırıladı.

Kafedra zamanagóy texnikalar, sonıń ishinde, stol kompyuterleri (5), noutbuk (1), multimedia úskeneleri (2) hám interaktiv doska (3) menen támiyinlengen bolıp, bul sanlı texnologiyalardan bilimlendiriw jumısında nátiyjeli paydalanıw imkaniyatın beredi. Oqiw sabaqları hám lekciyalarda barlıq texnikalıq qurallar jedel qollanıladı.

Institut basshıları hám medicina mákemeleriniń bas shıpakerleri arasında dúzilgen shártnamalarǵa muwapıq, Respublikalıq balalar kóp tarmaqlı medicina orayı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Balalar regionallıq medicinalıq reabilitaciya orayınıń pediatriya, emlew isi, stomatologiya, medicinalıq biologiya, xalıq medicinası hám medicinalıq profilaktika fakultetleriniń I-VI kurs studentleri nawqaslardı subektiv hám obektiv tekseriw, palpaciya, perkussiya, auskultaciya, bálkim nawqaslardı diagnozlaw hám emlewde belsene qatnasıp, klinikalıq kónlikpelerdi iyelemekte.







Sonday-aq, kafedra sabaqlıqlardı awdarıwda da belsene qatnaspaqta. Kafedra tárepinen avtorlar S.A. Raximov, A.R.Isroilovlar tárepinen "Gospital pediatriya" sabaqlıǵı qaraqalpaq tiline awdarıldı..